

## Kesyonè evalyasyon sante

Tout, elèv, estaf ak vizitè DOE dwe ranpli yon fòm evalyasyon sante avan yo rantr nan lokal DOE. Yo dwe ranpli fòm evalyasyon sante sa a chak jou yo rive nan lokal la. Ou ka ranpli fòm evalyasyon sante a tou sou entènèt nan: <https://healthscreening.schools.nyc/>. Lè w ap antre nan lokal la, si w potko ranpli fòm sante a sou entènèt, y ap mande w pou reponn kesyon ki pi ba yo. Kòm yon rapèl, tout anplwaye DOE dwe pran vaksen kont COVID-19 pou yo rantr nan bilding lekòl nou yo.

dapre obligasyon Depatman Sante Eta Nouyòk, rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak règleman DOE, tout moun nan yon bilding lekòl DOE ak tout estaf DOE ak kontraktè nan biwo DOE DWE gen yon bagay ki kouvri figi yo tout tan, sof si y ap manje oswa bwè oswa sof si yo gen yon egzansyon medikal. Moun k ap tounen soti nan izolasyon kout oswa nan peryòd karantèn dwe kouvri vizaj yo byen kouvri, avèk yon mas KN95, KF94, ki byen chita oswa yon mas chiriji anba yon mas antwal. Si moun lan pa kapab byen kouvri vizaj li pou tout jounen an, moun lan dwe kontinye izole oswa rete nan karantèn pou 10 jou konplè a.

1. Èske w ranpli evalyasyon sa a pou yon elèv ki gen mwens laj pase laj elèv kindergarten?
  - Wi. M ap ranpli evalyasyon sa a pou yon timoun piti, bebe, elèv 3K oswa Pre-K. Ale nan kesyon ki pou "Preskolè ak klas ki pi ba yo".
  - Non. Ale nan kesyon ki pou "Elèv ki gen laj pou ale lekòl, estaf ak vizitè".

### Ale nan kesyon ki pou Preskolè ak klas ki pi ba yo.

1. Eske pitit ou a gen sentòm COVID-19, tankou lafyèy ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, yon tous, malgòj, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout ki te kòmanse nan 10 jou ki sot pase yo?
  - Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi li te resevwa yon rezilta tèst molekilè COVID-19 ki te negatif yon doktè fè apre l te kòmanse gen sentòm yo epi li pa gen lafyèy omwen depi 24 èdtan san li pa pran medikaman pou diminye lafyèy. Li pral mete yon mas ki byen chita pou 10 jou. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi li gen omwen laj dezan epi li te resevwa de rezilta tèst molekilè ki te negatif ki te fèt lakay omwen 24 èdtan apre l te kòmanse gen sentòm yo, apre sentòm yo ap amelyore epi li pa gen lafyèy omwen depi 24 èdtan san li pa pran medikaman pou diminye lafyèy. Li pral mete yon mas ki byen chita pou 10 jou. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi li gen yon rezilta tèst molekilè COVID-19 ki te negatif pou COVID-19, epi li te refè, nan entèval 90 jou pase yo. Sentòm li fèk genyen yo amelyore epi li pa gen lafyèy omwen depi 24 èdtan san li pa pran medikaman pou diminye lafyèy. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi li pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Moun lan ka pa ka rantr nan bilding lan.
2. Pandan dis jou ki sot pase yo, èske pitit ou a te gen yon rezilta pozitif pou yon tèst COVID-19?
  - Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi li gen yon rezilta tèst molekilè COVID-19 ki te negatif pou COVID-19, epi li te refè, nan entèval 90 jou pase yo. Moun lan ka rantr nan bilding lan.
  - Wi, epi gen 10 jou konplè depi sentòm li yo te kòmanse, depi sentòm li yo amelyore epi li pa gen lafyèy omwen depi 24 èdtan san li pa pran medikaman ki bon mache. Moun lan ka rantr nan bilding lan.
  - Wi, epi li pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Moun lan ka pa ka rantr nan bilding lan.

3. Pandan dis jou ki sot pase yo, dapre sa w konnen, èske pitit ou a te nan menm salklas, oswa te an kontak rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19? "Kontak rapwoche" vle di te nan yon distans ki mwens pase 6 pye pandan omwen 15 minit ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19.
- Non. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi li gen **omwen laj dezan** epi li pase senk jou nan karantèn( kote premye jou karantèn lan se jou apre li te fin gen dènye kontak avèk moun ki gen COVID-19). Li pa gen okenn sentom epi li teste negatif sou senkyèm jou karantèn li a ak yon tès yon doktè fè OSWA li teste negatif sou katriyèm ak senkyèm jou karantèn lan ak tès li fè lakay. Li pral mete yon mas ki byen chita pou 10 jou. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi li **poko gen laj dezan** epi li pase uit jou nan karantèn( kote premye jou karantèn lan se jou apre li te fin gen dènye kontak avèk moun ki gen COVID-19). Li pa gen okenn sentom epi li teste negatif sou senkyèm jou karantèn li a ak yon tès yon doktè fè . Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, li gen yon tès ki pozitif pou COVID-19, epi li refè, nan entèval 90 jou ki pase yo epi li pa gen okenn sentom apre li te fèk fin aknotak ak moun ki gen Covid la. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi li pa nan kategori pi wo yo. Moun lan ka pa ka rantre nan bilding lan.

#### **Elèv ki nan Kindergarten oswa ki nan klas pi wo yo, estaf ak vizitè**

1. Eske ou te gen nenpòt sentòm COVID-19, tankou lafyèv ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, gen yon tous, malgòj, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout ki te kòmanse nan 10 jou ki sot pase yo?
- Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi mwen resevwa yon rezilta tès ki negatif ke yon doktè te fè pou COVID-19 Sentom mwen yo amelyore epi mwen pa gen lafyèv omwen depi 24 èdtan san mwen pa pran medikaman pou diminye lafyèv. Mwen pral mete yon mas ki byen chita pou 10 jou. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi mwen resevwa yon rezilta tès ki negatif mwen te fè lakay pou COVID-19 omwen 24èd apre sentom yo te kòmanse. Sentom mwen yo amelyore epi mwen pa gen lafyèv omwen depi 24 èdtan san mwen pa pran medikaman pou diminye lafyèv. Mwen pral mete yon mas ki byen chita pou 10 jou. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi m ap retounen apre m fin izole tèt mwen pou senk jou. Sentom mwen yo amelyore epi mwen pa gen lafyèv omwen depi 24 èdtan san mwen pa pran medikaman pou diminye lafyèv. Mwen pral mete yon mas ki byen chita pou 10 jou. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi mwen gen yon rezilta tès molekilè COVID-19 ki te negatif pou COVID-19, epi mwen te refè, nan entèval 90 jou pase yo. Sentom mwen yo amelyore epi mwen pa gen lafyèv omwen depi 24 èdtan pase yo san mwen pa pran medikaman pou diminye lafyèv. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi mwen pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Moun lan ka pa ka rantre nan bilding lan.
2. Nan 5 jou ki sot pase yo, èske ou te gen yon rezilta pozitif pou yon tès COVID-19?
- Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi m ap retounen apre m fin izole tèt mwen pou senk jou apati lè mwen te kòmanse gen sentom oswa apati lè mwen te teste a si mwen pa gen sentom. Mwen pa gen okenn sentom oswa sentom mwen yo amelyore epi mwen pa gen lafyèv omwen depi 24 èdtan san mwen pa pran medikaman pou diminye lafyèv. Mwen pral mete yon mas ki byen chita pou 10 jou. Ale nan kesyon apre a.

- Wi, epi mwen gen yon rezilta tè s molekilè ki te negatif pou COVID-19, epi mwen te refè, nan entèval 90 jou pase yo. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Moun lan ka pa ka rantre nan bilding lan.
3. Pandan senk jou ki sot pase yo, dapre sa w konnen, èske w te nan menm salklas, oswa te an kontak rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19? "Kontak rapwoche" vle di te nan yon distans ki mwens pase 6 pye pandan omwen 15 minit ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19.
- Non. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen pran tout dòz vaksen mwen kont COVID-19. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen te an **kontak rapwoche avèk yon moun ki pozitif** epi mwen fè tè s dyagnostik COVID-19 DOE bay pou fè lakay la epi rezilta a TE negatif pou tè s sa yo. M ap mete yon mas ki byen chita pandan 10 jou epi si mwen teste pozitif, m ap kòmanse izole tè t mwen. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, mwen te **an kontak avèk yon moun ki pozitif nan lekòl la** men mwen pa te resevwa yon kit tè s pou m fè lakay mwen. Tanpri kontakte lekòl ou a pou asire w ou resevwa yon kit tè s pou fè lakay ou jodi a. M ap mete yon mas ki byen chita pandan 10 jou epi si mwen teste pozitif, m ap kòmanse izole tè t mwen. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen te gen yon tè s ki pozitif pou COVID-19, epi mwen te refè, nan entèval 90 jou ki pase yo epi mwen pa gen okenn nouvo sentom apre mwen te fèk fin aknotak ak moun ki gen Covid la. Moun lan ka rantre nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen pa nan kategori pi wo yo. Moun lan ka pa ka rantre nan bilding lan.

*Evalyasyon sante sa a pa fèt pou ranplase konsèy medikal, dyagnostik oswa tretman pwofesyonèl. Toujou chèche konsèy yon founisè sante ki kalifye pou nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan yon pwoblèm medikal. Y ap gade rezilta evalyasyon sante yo sèlman nan objektif pou jwenn aksè nan lokal ak ekipman yo epi yo pral kenbe tout enfòmasyon konfidansyèl.*

**Depatman Edikasyon NYC ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 31 janvyè 2022**